

Lanse De 1-12

Jwè 1-4



Laj 5+



5-10 min


OBJEKTIF

Pou fè koresponn epi konbine chif ki sou zo ak kat yo.

MATERYÈL

1-12 oswa 0-12 Konte epi Gade Kat pou chak jwè:

2 zo



VOKABILÈ

Zo
Adisyone
Soustraksyon
Mo chif 1 a 12

KESYON

Ki fason w te deside vire de chif kat oswa youn?
Èske w kapab di m kijan pou mwen adisyone chif sa yo ansanm?
Ki moun ki te gen plis kat pou vire?

KÒMAN POU JWE

1. Bay chak timoun yon pake kat 1-12 nan lòd aleyatwa.
2. Mande timoun yo ranje kat yo a nan lòd soti 1 a 12. Gade si yo kapab fè sa poukont yo, epi soutni yo si sa nesesè.



3. Lanse de a. Konsa, jwè a kapab vire kat ki koresponn ak **youn** nan chif li te lanse yo, **touledede** chif li lanse yo, **oswa total** chif li jwenn nan de lanse yo. Pa egzanp:

Si yon jwè jwenn yon  ak yon  li kapab vire:

Kat 6 **oswa** kat 2 kat 6 **epi** kat 2 kat 8 (sòm nan)

  **OSWA**   **OSWA** 

4. Si chif ou lanse a, oswa total chif yo, **pa koresponn** ak okenn kat ki vizib yo, bay pwochen jwè a zo a.
5. Jwèt la fini lè tout jwè yo fin vire tout kat yo a.

KONSÈY POU JWE

- Lè w lanse yon doub, se yon “kat jokè”. Lè yon jwè lanse yon “kat jokè”, li kapab chwazi vire nenpòt kat. Gade si timoun yo byen chwazi! Ede yo chwazi chif yon kat ki p ap difisil pou jwenn nan lanse a. Epitou, sa kapab akselere jwèt la.
- Itilize twa (2) de (dice) epi melanje yo pou vire kat yo. Pa egzanp, si yon jwè jwenn 2, 3 epi 4: adisyone yo pou vire kat 9 la, oswa vire kat 2 ak kat 7 la ($3 + 4 = 7$).
- Ou kapab jwe jwèt sa a avèk soustraksyon tou. Apre w fin lanse zo a, retire chif ki pi piti a nan chif ki pi gwo a. Vire kat ki reprezante diferans lan. Pa egzanp, si yon jwè lanse yon 6 ak yon 2, li kapab fè soustraksyon $6 - 2 = 4$ epi li vire 4. Epitou, ou kapab ajoute kat 0 a, sa ki reprezante yon defi anplis paske w dwe jwenn yon doub nan lanse a pou vire li.
- Si timoun yo decide yo vle jwe jwèt la ak soustraksyon, yo kapab mande kisa ki ap pase lè yo retire yon chif ki pi gwo nan yon chif ki pi piti. Sa ap bay yon chif negatif. Nou pa vle fè moun panse li pa posib pou retire yon chif ki pi gwo nan yon chif ki pi piti, donk ou kapab di: **“Nou pa kapab retire 5 nan 2 lè nou itilize chif nou konnen yo. Men, se yon bagay ou kapab**

apranm lè w vin pi gran”.

- Anplis Konte epi Gade Kat yo, ou kapab jwe avèk Kat Pwen yo oswa nenpòt lòt kat ou genyen..

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Ankouraje timoun yo “konte” apati pi gwo chif yo jwenn nan lanse a. Pa egzanzp, si yo lanse yon 6 ak yon 2, kòmanse apati 6 epi konte: “6...7, 8.” Konte se yon konpetans ki ede moun aprann adisyon pi devan.
- Ankouraje jwè yo pou pale konsènan règ jwèt la! Yo kapab deside jwè yo kapab kontinye lanse zo yo jiskaske yo kapab vire kat yo (olye pou yo bay pwochen jwè a jwe apre chak lanse).

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Lanse De 1-12*.